# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–01 दिसंबर 2025 भोजपुरी समाचार

संसद क सीतकालीन सत्र आजु से सुरू हो गइल। येह सत्र में ओन्इस दिन में कुलि पनरह बइठकी होई। सत्र के पहिला दिन्ने ओटर लिस्टि क बिसेस गहन पुनरीक्षण के सथहीं कई गो मुद्दन पर बिपक्षी सदस्य हंगामा कइलें। बिपक्ष क हंगामा के बिच्चे सरकार के ओरि से कई गो विधेयको पेस कइल गइल। एगो रिपोर्ट–

**लोकसभा की कार्यवाही दिन 11 बजे जब शुरू हुई, तो लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला ने दिवंगत सदस्यों अभिनेता धर्मेंद्र, कर्नल सेवानिवृत्त सोना राम चौधरी, प्रोफेसर विजय कुमार मल्होत्रा और रवि नाइक को श्रद्धांजलि अर्पित की। इसके बाद विपक्ष की नारेबाजी के बीच वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन ने तंबाकू और उससे संबंधित उत्पादों पर उत्पाद शुल्क लगाने के लिए केंद्रीय उत्पाद शुल्क (संशोधन) विधेयक 2025 पेश किया। श्रीमती सीतारामन ने पान मसाला जैसी विशिष्ट वस्तुओं के उत्पादन पर उपकर लगाने के लिए स्वास्थ्य सुरक्षा से राष्ट्रीय सुरक्षा उपकर विधेयक 2025 भी पेश किया। उन्होंने मणिपुर वस्तु और सेवा कर अधिनियम, 2017 में संशोधन के लिए मणिपुर वस्तु और सेवा कर (द्वितीय संशोधन) विधेयक, 2025 भी पेश किया। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

आजु पहिला बेरि राज्यसभा क अध्यक्षता करे वाले सदन क सभापति सी.पी. राधाकृष्णन क प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी स्वागत कइलें। उहां के कहलीं कि श्री राधाकृष्णन क एगो साधारन पृष्ठभूमि से उपराष्ट्रपति पद क सफर देस के लोकतंत्र के ताकति के दरसावे ला।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में अपने सरकारी आवास पर धान खरीदि आ खादि के उपलब्धता क समीक्षा कइलें। येह दौरान मुख्यमंत्री क्रय केन्द्रन के सुचारु कार्यप्रणाली आ खादि क पुरहर आ समयबद्ध उपलब्धता पर खास जोर दिहलें। उहां के किसानन बदे निरबाध लाभ सुनिस्चित कइले के सम्बन्ध में अधिकारियन के सज्जो जरूरी दिसा–निरदेस दिहलीं।

**********

काशी–तमिल संगमम के चउथा संस्करण क पहिला चरण बिहने से सुरू होई। एकर तइयारी पूरा हो गइल बा। काशी–तमिल संगमम के दौरान तमिल मेहमानन के कई जगहिनि क भ्रमण करावल जाई। एकरे बादे उन्हें काशी विश्वनाथ मंदिर में दरसन–पूजन करावल जाई। श्री काशी विश्वनाथ न्यास क मुख्य कार्यकारी अधिकारी विश्व भूषण मिश्रा बतवलें कि तमिल मेहमानन के रिवाज के मोताबिक स्वागत कइल जाई।

**काशी तमिल संगमम आयोजन के अंतर्गत तमिलनाडु से चलकर आने वाले प्रतिनिधियों का समूह सात दल में दिनांक दो तारीख, चार तारीख, छः तारीख, आठ तारीख, दस तारीख और बारह तारीख एंव चौदह तारीख को आगमन होगा, और इसमें डेट जो हमारे स्टैंडर्स एसओपी के अनुसार गेट नम्बर चार पर हम अतिथियों को एलाइन करते हैं। वहां पर डमरू वादन के साथ शंखवादन के साथ उनका स्वागत किया जाता है। तत्पश्चात वहां से ले जाकर उत्तरी द्वार से गर्भ गृह के समक्ष जलाभिषेक का आयोजन सभी अतिथियों का कराया जाता है।**

वाराणसी क मण्डलायुक्त एस. राजलिंगम बतवलें कि काशी–तमिल संगमम बिहने बनारस के नमो घाट से सुरू होई। एकरे खातिर सात ग्रुप तमिलनाडु से वाराणसी आ रहल बाटे। बिहने उद्घाटन के मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, केंद्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेंद्र प्रधान आ तमिलनाडु क राज्यपाल एन रवि के सथहीं कई गो अउरियो जानल–मानल अतिथि मौजूद रहिहें।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार की ओरि से कई क्षेत्रन में जीएसटी दरन में कटउती के सथहीं बाइस सितंबर से सुरू कइल गइल जीएसटी बचत उत्सव से देसभर के लोगिन के फाइदा हो रहल बा। एगो रिपोर्ट–

***नया पीढ़ी के जीएसटी सुधारन में कपड़ा उद्योग में कइल गइल टेक्स कटउती आम अदमी पर परे वाला आरथिक बोझ के कम कइ दिहले हौ। हाथे से बनल रेसन आ धागा पर जीएसटी दर के घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। कपड़ा क्षेत्र में येह कटउती क उद्देस्य लागत कम कइल, मांग बढ़ल आ निर्यात के प्रोत्साहित कइल ह। ओहीं रेडिमेट कपड़ा जेकर कीमति अढ़ाई हजार रूपिया तक बा ओह पर अब पांच फीसदी टेक्स लगावल जा रहल बा। ई सुधार वैस्विक बजारिनि में भारतीय कपड़न क निर्यात प्रतिस्परधा के बढ़ा रहल हौ आ भारत के एगो वैस्विक कपड़ा उद्योग के तौर पर उभरले में सहायक बनि रहल बा। आकाशवाणी दिल्ली से दृष्टि आ आरजू अउर अमन यादव के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द गुप्ता।***

**********

आजु विश्व एड्स दिवस मनावल जा रहल बा। येह मौका पर प्रदेस के वाराणसी आ गोरखपुर के सथहीं अलगि–अलगि जिलन में एचआईवी–एड्स के प्रति जनजागरूकता से जुड़ल कई गो गतिविधियन क आयोजन कइल गइल।

**********